

**EKITE RASYAL AK EKITE ETNIK
POLITIK PPSD A**

Kwayans Jeneral	Komisyon Lekòl Providence lan kwè ke tout elèv merite anviwònman aprantisaj ki respektive kote yo valorize divèsite etnik ak divèsite rasyal epi kontribye nan rezilta akademik ki reyisi pou tout elèv yo. Komisyon an kwè ke ekite ak konpetans kiltirèl ta dwe entegre nan tout politik ak pratik edikatif ak pou espas travay ak pratik yo nan Distri Lekòl Piblik Providence la (“PPSD” oswa “Distri” a).
Objektif ak Kontèks	<p>Objektif politik Ekite Rasyal ak Etnik la se pou asire ke elèv PPSD yo genyen opòtinite edikatif ki ekitab pou ede yo reyalize pi gwo potansyèl yo, ak pou prepare yo reyisi nan fakilte ak inivèsite peyi a, ak nan pwofesyon yo chwazi yo.</p> <p>Politik Rasyal ak sou Ekite Etnik defini atant ak estrateji pou egzamine ras, lang ak kilti yo afekte pratik nan tout distri a ak akonplisman akademik, ki genyen ladan endikatè tankou pousantaj gradyasyon, pousantaj elèv ki abandone, ak prezans.</p>
Definisyon	<p>Yo bay definisyon sa yo pou ede konprann tèm ki anba a jan yo itilize yo nan Politik Rasyal ak Politik sou Ekite Etnik la.</p> <p>Ekite: PPSD defini ekite kòm lefètke yo bay elèv yo resous ak sipò inik yo bezwen pou aprann ak pou reyalize nan nivo siperyè, epi kreye solisyon pou asire ke <i>tout</i> elèv yo travay sou plan akademik, sosyal, emosyonèl, fizik, ak nan dimansyon kilti yo. Antanke yon kominote, nou pataje responsablite pou fè fas ak eka nan opòtinite ki egziste nan sosyete nou an epi pou fè enpak sou kapasite elèv nou yo pou atenn tout potansyèl yo.</p> <p>Elèv/Elèv yo: Tout elèv PPSD yo, ki genyen ladan men pa limite ak, elèv ki genyen andikap, elèv ki defavorab sou pwen ekonomik, elèv ki twò aje men ki pa genyen ase kredi, ak elèv ki se elèv lang Anglè yo.</p>
Machaswiv ak Estrateji pou Mizannèv	<p>Sipè-entandan an pral devlope regleman administratif ak/oswa planifye pou aplike politik Rasyal ak politik sou Ekite Etnik.</p> <p>Regleman yo ta dwe abòde chak nan sa yo ki swiv la:</p>

1. Revize Ekite Pwogram yo nan Tout Distri a

Pou ankouraje ekite nan tout politik ak pratik Distri a, PPSD pral:

- a) Fè yon rankont avèk yon gwoup travay, ke konpozisyon an pral reflekte divèsite ras ak etnisite nan lekòl Providence yo. Gwoup travay la pral egzamine pwoblèm yo epi jwenn solisyon adapte, ki fè fas ak koz rasin ak fonnman sistemik inegalite akòz ras/etnisite ki idantifye nan nivo lekòl la ak nan nivo Distri a, olyede solisyon teknik ki bay koreksyon alè, koreksyon sityasyonèl yo;
- b) Devlope konesans pwofesyonèl ak konpetans kiltirèl anlwaye yo pou pèmèt yo idantifye ak aplike politik ak pratik sou ekite rasyal ak ekite etnik; epi
- c) Elimine pratik yo jije ki inekitab epi aplike solisyon pwo-aktif yo.

2. Etabli Ekite Sistemik ak Pratik

PPSD pral devlope epi aplike yon plan ekite rasyal nan tout distri a ki genyen ladan: Fanmi, Elèv, ak Angajman Kominotè ak Patenarya; Lidèchip; ak Ansèyman ak Aprantisaj.

a) Fanmi, Elèv, ak Angajman Kominotè ak Patenarya

PPSD pral devlope epi aplike pratik ekitab avèk elèv, fanmi yo, patnè Distri yo, ak lòt manm kominotè yo pandan y ap:

- (i) Entansyonèlman chèche epi enkli divès pespektiv rasyal ak etnik nan devlopman ak aplikasyon pratik ansèyman ak pratik aprantisaj ki adapte sou plan kiltirèl ak pwogram etid;
- (ii) Angaje fanmi ak aktè kominotè yo avèk manm pèsònèl yo ak elèv yo nan sit lekòl yo nan devlopman patenarya ki efikas ant fwaye, lekòl ak kominote; epi
- (iii) Envite epi enkli aktè kominotè yo pou bay divès pespektiv kiltirèl pou egzamine epi fè fas ak pwoblèm potansyèl pandan yo rive.

b) Lidèchip

Lidèchip PPSD a pral asire ke ekite gide tout pratik fonksyonman ki respekte plan Daksyon Afimativ Distri a pandan y ap:

- (i) Rekrute, anlwaye, sipòte, avanse, retni epi kontinyèlman devlope yon mendèv pwofesyonèl ki konsyan sou plan rasyal epi ki konpetan sou plan kiltirèl.
- (ii) Defini objektif koutèm ak lontèm pou rekrute, anlwaye, sipòte, avanse, retni epi kontinye devlope yon mendèv ki reflekte divèsite rasyal ak divèsite etnik elèv ke Distri a sèvi.

	<ul style="list-style-type: none"> (iii) Modelize ekite nan pratik pwofesyonèl ak pratik operasyonèl; epi (iv) Devlope sistèm responsablite ak metrik ki mezire ak ankouraje divès rezilta ki ekitab. <p>c) <u>Ansèyman ak Aprantisaj</u> Pwofesè PPSD yo ak manm pèsonèl sipò yo pral travay pou ogmante konpetans ak kapasite pwofesyonèl pou anseye yon fason efikas yon popilasyon divèsifye sou plan rasyal ak etnik pandan y ap:</p> <ul style="list-style-type: none"> (i) Asire yon anviwònman lekòl solid ki pozitif epi ki solid sou plan akademik ki angaje <i>tout</i> elèv yo; (ii) Kolabore avèk kòlèg yo pou kreye ak aplike pratik pedagogik pèsonalize ki adapte sou plan kiltirèl, pwogram etid, ak evalyasyon; (iii) Aplike pratik ki mennen nan rezilta ekitab ant elèv ki genyen diferan pase rasyal ak pase etnik; epi (iv) Chèche epi enkli divès pespektiv rasyal ak etnik nan devlopman ak aplikasyon pratik ansèyman ak pratik aprantisaj ki adapte sou plan kiltirèl ak pwogram etid.
Fòmasyon, Sipèvizyon, ak Kominikasyon	Sipè-entandan an responsab pou devlope ak aplike yon plan Ekite Rasyal ak Ekite Etnik nan tout Distri a, avèk mezi responsablite ki klè ki mezi rezilta ekitab pou tout elèv PPSD yo. Sipè-entandan an pral regilyèman bay deklarasyon sou plan ak rezilta yo bay Komisyon Lekòl Providence lan ak nan tout kominote a.
Konfòmite avèk Lwa, Egzijans Konfòmite yo	Sipè-entandan an pral asire ke tout manm pèsonèl PPSD yo ak tout kontraktyèl PPSD yo respekte tout lwa, règ, ak règleman ki aplikab yo, epi avèk tout Politik Komisyon an. Sizoka nenpòt nan pati nan nenpòt politik la ilegal, Sipè-entandan an pral deklare evènman sa a bay Komisyon an osito posib epi li pral mande Komisyon an pou fè yon modifikasyon nan politik sa a.
Referans Kwaze	Inisyativ Males of Color nan Providence Politik sou Aksyon Afimativ PPSD ak sou Opòtinite Egal (ap tann apwobasyon)
Istorisite	Revizyon Komite Politik la: 1 Me 2017; 19 Jen 2017 Apwouve pa Komisyon an: 2 Dawout 2017